



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 16.9 MILYON DOLA POU REVITALIZASYON PAK
ETA GREEN LAKES LA**

***Amelyorasyon nan Pi Gran Destinasyon Touris sa a ap Konplemanste Plan Direktè
pou Devlopman Ekonomik “Central NY Rising” la***

***Amenajman nan Tèren Gòlf la, Tnan èren Kan ak nan Antre a ap Fini pou Sezon
Ète a***

***Pwochè Faz Amelyorasyon nan Pak yo Plis Vizite nan Rejyon Santral New York
la ap gen yon Sant Edikasyon Anviwonmantal sou Devan Bò Rivaj Lak la ak
Amelyorasyon k ap fèt nan Ekosistèm lan yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse amenajman enpòtan anpil nan Pak Eta Green Lakes la ap fèt atan pou sezon eta a, ki gen ladan renovasyon clubhouse tèren gòlf la, Tèren Kan Pine Woods la, ak antre pak la. Gouvènè a te anonse tou yon nouvell faz amelyorasyon yo, ki gen ladan yon nouvo sant edikasyon anviwonmantal, nan kad pwochè faz transfòmasyon 16.9 milyon dola nan Pak Eta yo plis vizite nan rejyon Santral New York la. Investisman ap soti nan inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè a pou finansman amenajman sa yo epi “Central NY Rising” ap konplemanste finansman sa a, plan direktè global rejyon an ap jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè.

“Pak Eta Green Lakes la se yon pyè presye nan sistèm pak la epi li se yon resous vital pou lwazi anplennè ak pou touris nan rejyon Santral New York la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap fè anpil pwogrè pou nou prezève bote natirèl san parèy pak eta nou an yo pou ede ekonomi touris New York la atenn nouvo somè yo epi l ap atire plis moun pou yo vini vizite ak pwolonje sejou yo pou pi lontan nan rejyon Santral New York.”

Otòn ane sa a, Pak Eta New York yo pral kòmanse yon pwojè 6 milyon dola pou konvèti yon remiz bato yo te fè nan ane 1940 yo ki fin deteryore sou Lak Green lan pou l vin tounen yon sant edikasyon anviwonmantal epi gen lòt amenajman ki gen rapò sant lan yo k ap fèt. Yo pral deplase remiz bato istorik sa a pou yo retire l dèyè a sou bò rivaj la, kote li ekspozè a efè inondasyon yo, epi yo pral renove l. Nouvo sant lan pral gen ladan nouvo espas sal klas miltifonksyon anndan, ti kizin ak twalèt nan bilding lan, ansanm ak espas sal klas anplennè, yon espas pwomnad sou devan bò rivaj lak la ak yon debakadè pou kannòt/kayak yo, nouvo kyòsk pou lwe bato ak etajè pou estokaj, ak yon kè pou fè lapèch. 500,000 dola sibvansyon ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Santral la (Central Regional Economic Development Council) ap finansman pwojè

a. Reprèzantasyon grafik yo disponib [isit la](#).

De konsè ak sant edikasyon an, Pak Eta yo pral antreprann travay pou amelyore ekosistèm pak la, ki gen ladan restorasyon bò rivaj lak la, detounen dlo lapli lè tanpèt yo pou konstwi tè marekaj ak basen byolojik/byoretansyon; modènize sistèm elektrik la yo; ak reyabilite espas pakin ki fin deteryore nan West Beach la pou mete eleman peyizaj vèt nan plas li.

Gen plizyè pwojè renovasyon enpòtan k ap fèt nan pak la yo ki deja fini, sa gen ladan:

- Yon renovasyon 4 milyon dola nan Clubhouse Tèren Gòlf la (Golf Course Clubhouse), k ap gen ladan yon galri amenaje ki gen yon espas sal a manje anplennè ki aksesib pou moun ki gen tout sòt kapasite, nouvo twalèt piblik yo, epi fin fè renovasyon enteryè nan clubhouse la yo, ki gen ladan amenajman nan espas pou kizin ak bar la yo. Paviyon an bay sou ale nan youn nan premye teren gòlf ki te fèt pa Robert Trent Jones, youn nan achitèk teren jwèt gòlf ki pi inovè, ak lak glasye sipèb nan pak la.
- Yon renovasyon 6.7 milyon dola Tèren Kan Pine Woods la (Pine Woods Campground), ki gen ladan sèvis konplè yo ajoute nan sit kan ki gen elektrisite, dlo, koneksyon egou, de nouvo bilding twalèt ak sal debeny, amelyore wout yo, ak amelyorasyon nan enfrastruktir yo pou ede pwoteje enpòtans ekolojik lak ki nan pak la yo, pwojè a gen ladan pou yo detounen espas tretman dlo ize yo mete yo lwen lak la epi korije pwoblèm drenaj yo ak redwi ewozyon ekoulman dlo yo lakoz. Travay la gen ladan modènize antre prensipal pak la, redwi blokis sikilasyon ak modènize itilite pak yo.
- Yon investisman 200,000 dola pou reyabilitasyon, rekonstriksyon ak antretyen santye pak la yo, ki gen ladan kontwòl ewozyon, drenaj, alsfalt, amelyorasyon nan siyalizasyon ki sou toude santye lak yo, ak santye ki gen gazon ak konektè yo.

Amenajman nan Pak eta Green Lakes yo fè pati [inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè a](#), ki se yon angajman pou investi 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Eta yo pandan dire plizyè ane soti an 2011 pou rive 2020. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2018 Gouvènè a atribiye 120 milyon dola anvè inisyativ sa a.

Komisyonè Park Eta yo, Rose Harvey te di: “Mwen rekonesan pou investisman ak angajman Gouvènè Cuomo pran anvè Pak Eta Green Lakes la ak tout sistèm park eta nou an nèt. Travay la pral ede agrandi ak amelyore opòtinite pou timoun ansanm ak granmoun alafwa, pou konekte yo ak lanati ak espas anplennè yo, konstwi lespri ak misk yo, epi pou yo senpleman pran plezi yo ak zanmi ak fanmi yo – pandan n ap pran mezi ki enpòtan anpil pou nou prezève ekosistèm pak la pou jenerasyon k ap vini yo.”

Egzekitif Konte Onondaga Joanne Mahoney te di, “Gras a investisman Gouvènè Cuomo kontinye fè nan Pak Eta Green Lakes la, pak la pral kontinye founi aksè a kèk nan meyè opòtinite lwazi ki gen nan zòn lan yo epi ede ranfòse ekonomi lokal la. Renovasyon yo te fin fèt epi pwojè amenajman alavni yo pral sèvi pak yo kòm yon destinasyon touris ki popilarite l k ap ogmante nan yon fason favorab.”

Senatè David J. Valesky te di, “Pak Eta Green Lakes la atire anpil milye gòlfè, moun ki vin nan kan, moun k ap fè randone, ak monte bekàn yo chak ane, epi investisman an pral asire li rete yon destinasyon touris popilè pou anpil ane k ap vini ankò. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l bay lòd finanse pwojè ki enpòtan pou devlopman ekonomik rejyon Santral New York sa a”.

Bill Magee, ki se Manm Asanble, te deklare: “Pak Eta Green Lakes la se yon sit ki gen de tip lak mewomiktik ki ra, Lak Green lan ak Lak Round lan, ak yon forè ansyen k ap grandi la nan pwòp lakou nou an. Green Lakes se yon espas retrèt lwazi moun renmen, ak apresye anpil epi li trè popilè, epi mwen aplodi efò Gouvènè Cuomo ak Komisè Harvey ap fè yo pou yo renove, amelyore ak prezève bèl pak istorik sa a.”

Manm Asanble Al Stirpe te di, “Pak Eta Green Lakes la ekspoze bote natirèl rejyon Santral New York la epi li te deja ap atire anpil vizitè depi lè l te ouvri. Mwen souvan fè randone ozanviwon lak la yo avèk madanm mwen epi nou abzòbe trè bèl ponarama senik lak la ak ti mòn ozalantou l yo. Se poutèt sa mwen kontan anpil eta te fè investisman enpòtan sa a nan Pak Eta Green Lakes la, ki gen ladan amenajman nan clubhouse tèren gòlf la, ak nan tèren kan an. Avèk plis pwojè ki an devlopman sa yo, tankou nouvo sant edikasyon anviwonmantal la, jenerasyon k ap vini yo pral kapab jwi de tout sa pak la gen pou l ofri yo.”

Akselere Central NY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 5,900 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418